



## MAGAZEN ATIK DEZYÈM MEN SIPLI NAN KONTE PALM BEACH

*PALM BEACH COUNTY  
SURPLUS THRIFT STORE*

2455 VISTA PARKWAY  
WEST PALM BEACH, FL



## AVI POU TOUT MOUN K AP SOUMÈT ÒF YO

Tanpri, li enfòmasyon enpòtan ki nan pake sa a pou moun k ap soumèt òf yo.

**Ou ka soumèt yon òf pou atik ou vle yo depi ou ka peye pou yo.**

Yon fwa ou fin soumèt òf ou pou yon bagay, ou pap ka wete l ni anile l.

### **PWOSEDI VANT OZANCHÈ YO**

Sa a se yon vant ozanchè k ap fèt an silans e se sèl chans w ap genyen pou patisipe ladann. Moun k ap soumèt òf yo ka mete yon sèl òf pou chak lo, kidonk ofri montan ou pi kapab peye a. Kòm dabitid, lè w ap soumèt òf ou, soumèt òf la dapre valè yon atik vo nan zye w ak sa w ka pèmèt tèt ou peye pou atik la. Se sou entènèt pou antre òf nan òdinatè yo mete espesyalman nan Magazen an pou soumèt òf yo. Se pou tout moun k ap soumèt òf yo anrejistre anvan yo plase òf yo. Yo pral bay lo y ap vann ozanchè a, a moun ki soumèt òf ki pi wo a, pouvi ke yo satisfè pri minimòm obligatwa a. Lo ki pa reyisi atenn pri sa a pap gen gayan.

**VIZYÒNMAN AK ENSPEKSYON:** Ou ka enspekte tout lo ki nan vant ozanchè yo jou vant ozanchè a, apatide 8:00 a.m. Y ap demare yon fwa motè veyikil ak ekipman yo, a apre 8:30 a.m. N ap ankouraje moun k ap soumèt òf yo pou yo egzamine lo ki nan vant ozanchè yo atantivman anvan yo soumèt òf yo.

**LÈ POU SOUMÈT ÒF YO:** Moun k ap soumèt òf yo ka antre òf yo ant 8:00 a.m. e 10:30 a.m. nan jou vant ozanchè a ap fèt la. Moun k ap soumèt òf yo ki fè liy a 11:00 a.m. ap kapab soumèt òf yo.

**PWOSESIS POU ANONSE ÒF KI GENYEN AN:** Yo pral anonse òf ki genyen yo selon lòd nimerik lo yo tousuit apre vant ozanchè a fèmen.

**ITILIZASYON ÒDINATÈ POU SOUMÈT ÒF YO:** Se pou antre òf yo nan youn nan òdinatè ki la espesyalman pou soumèt òf yo. Ap gen yon reprezantan vant ozanchè a k ap la pou l ede moun k ap soumèt òf yo sèvi ak òdinatè yo.

**MANADJE MAGAZEN AN KA METE YON LIMIT SOU TAN OU PASE DEVAN ÒDINATÈ POU SOUMÈT ÒF LA.**

**POU FASILITE W, GEN YON ÒLÒJ K AP MONTRE TAN KI RETE W LA, LI PARÈT SOU ANBA ADWAT EKTRAN POU MOUN K AP SOUMÈT ÒF LA.**

**GEN MESAJ K AP AVÈTI W SOU KANTITE TAN OU GENYEN, ODEBI, LÈ W RIVE NAN MWATYE TAN AN, AK LÈ TAN AN PRÈT POU FINI. MESAJ SOU KANTITE TAN OU GENYEN ODEBI AK MESAJ KI AVÈTI W TAN AN PRÈSKE FINI, PRAL OBLIJE W KLIKE SOU "OK" POU KONTINYE. MESAJ K AP AVÈTI W LÈ W NAN MWATYE TAN AN PARÈT PANDAN YON TI TAN BYEN KOUT, JIS POU L RAPLE W TAN KI RETE W POU SESYON W LAN.**

TANPRI, JERE SESYON W LAN KÒMSADWA. SI YO FÈMEN SESYON W LAN SOU OU, YO PAP PÈMÈT OU KONEKTE TOUSUIT APRE (SE MANADJÈ MAGAZEN AN KI DESIDE TAN POU TANN LAN) EPI OU FÈT POU RETOUNEN NAN FEN LIY MOUN K AP SOUMÈT ÒF LA (TOUDEPANN DE TAN KI DISPONIB POU VANT OZANCHÈ A, SE MANADJÈ MAGAZEN AN SÈL KI KA, SI LI VLE, PÈMÈT OU KÒMANSE YON NOUVO SESYON).

MOUN K AP SOUMÈT ÒF YO E KI PA FÈ SA NAN TAN YO BAY LA, MANADJÈ MAGAZEN AN KA MANDE YO SOTI DEVAN ÒDINATÈ A.

Suiv 7 etap sa yo:

↵	Chwazi <b>LANG (LANGUAGE)</b> ou pito a nan tèt ekran an Klike sou sa w chwazi a avèk bouton ki agòch sourit la
^	Tape <b>NIMEWO IDANTIFIKASYON W KÒM MOUN K AP SOUMÈT ÒF (BIDDER I.D. NUMBER)</b> a nan espas yo bay la Peze bouton TAB la
√	Tape <b>SIYATI w (LAST NAME)</b> nan espas yo bay la Klike sou OK oswa peze bouton ENTER a
↔	<b>LI RÈGLEMAN AK KONDISYON VANT OZANCHÈ (AUCTION SALES TERMS AND CONDITIONS)</b> ki parèt sou ekran an Klike sou bouton "Mwen Dakò ( <i>"I Agree"</i> ) ki sou ekran an
⇐	Seleksyone atik ki nan lis vant ozanchè a epi <b>METE MONTAN ÒF OU YO (ENTER BID AMOUNTS)</b> an dola antye Peze bouton TAB la pou ka pase de yon atik a yon lòt; soumèt òf ou pou tout atik ou vle yo
↑↑	Klike sou bouton OK ki anba ekran an Ale nan ekran <b>KONFIME ÒF OU (CONFIRM YOUR BID)</b>
⇒	<b>SOUMÈT ÒF OU (SUBMIT YOUR BID)</b> Klike sou bouton >> ki anba ekran an pou anrejistre òf ou a